

Kisa k ap pase nan lekò leta Vil Nouyòk

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#)

[查看本文件的中文版](#) / [Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#)

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#)

[به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) / [Перевод документа на русский язык](#)
schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 27 me 2024

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou lekòl ete, manje pandan ete, pwogram atletik ete, opòtinite ak sipò pou elèv lekòl segondè, ak resous pou sipòte fanmi pou yo kontinye devlope ladrès lekti pandan tout ane a.

Kontni:

- [Lekòl ete](#)
- [Manje ete](#)
- [Pwogram ete lekòl segondè Lig atletik lekòl leta \(PSAL\).](#)
- [Opòtinite pou aprantisaj pandan ete](#)
- [Lekti pandan ete](#)

Lekòl ete

Chak mwa me ak jen, pwofesè Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) evalye pwogrè elèv avèk plizyè mezi pou detèmine si yo pare pou pwochen nivo klas la. Fanmi elèv ki **poko** fè ase pwogrè yo pral resewva yon lèt nan **mitan mwa jen** an.

Si elèv ou a nan klas 3yèm jiska 8yèm ane epi li pa ranpli kondisyon pou chanje klas nan mwa jen an, l ap gen pou ale nan lekòl ete. Si elèv ou a pa t resewva yon plas Summer Rising, lè sa a yo pral patisipe nan pòsyon akademik la sèlman. Ap gen eksplikasyon detaye sou dat ak lè yo sou lèt la. Nan fen lekòl ete a, lekòl pral pran yon desizyon final sou nivo klas elèv yo pou ane lekòl apre a. Elèv ki nan klas K–2yèm ane ak 9yèm–12yèm ane ka gen opòtinite pou yo ale nan lekòl ete tou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/summerschool.

Manje ete

Pandan lekòl fèmen, elèv ka toujou resevwa manje maten ak manje midi gratis atravè Lekòl Leta Vil Nouyòk! Pwogram Manje Ete Gratis 2024 nou an disponib nan tout vil Nouyòk epi li totalman gratis pou nenpòt moun jiska laj 18 ane. Soti **27 jen jiska 30 out**, ou ka jwenn manje sa yo nan kèk lekòl leta Vil Nouyòk, pisin sant kominotè, pak, ak bibliyotèk. Ou pa bezwen enskri davans ni bay idantifikasyon pou resevwa manje sa yo. Jis ale nan yon kote k ap bay manje pandan ete a epi manje. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/summermeals.

Gen posiblite pou yo chanje dat yo, lè yo, lokal yo, ak meni yo.

- Dat fonksyonman: Jedi 27 jen - Vandredi 30 out 2024
- Lè y ap sèvi manje maten: 8–9:15 a.m.
- Lè y ap sèvi manje midi 11 a.m.–1:15 p.m.
- **Pa gen sèvis** jedi 4 jiyè 2024 (Jou endepandans)

Pwogram ete lekòl segondè Lig atletik lekòl leta (PSAL).

Prepare pou espò pandan ete! Ete sa a, elèv lekòl segondè Vil Nouyòk kapab resevwa fòmasyon atletik gratis, fitness ak kondisyonman fizik, devlopman konpetans espesifik nan espò, ak aktivite rekreyasyon nan lokal lekòl segondè yo chazi atravè senk borough yo. Pwogram espò, fitness, ak rekreyasyon lekòl segondè Lig atletik nan lekòl leta yo (PSAL) ap dewoule chak jou, **lendi jiska jedi ant 3:00 ak 6:00 p.m.**, kòmanse 10 jiyè pou fini 13 out. Pou bay elèv yo chwa espò/aktivite pandan ete a, pral gen de sesyon:

Sesyon 1: Mèkredi 10 jiyè – Jedi 25 jiyè

Sesyon 2: Lendi, 29 jiyè – Madi, 13 out

Pwogram sa a ouvri pou tout elèv Vil Nouyòk k ap antre nan klas 9yèm rive 12yèm ane nan sezon otòn 2024 la. Elèv pa bezwen ale lekòl nan lekòl yo chwazi pandan ane lekòl regilye a pou yo patisipe nan yon pwogram ete PSAL nan lokal sa a. Elèv ka jwenn detay pwogram yo epi enskri pou pwogram ete 2024 la nan psal.org/events-and-standings/summer.aspx apati **3 jen**.

Plas yo limite nan lokal endividyèl. **Tanpri chwazi sèlman yon lokal ak yon pwogram pou yon SESYON done.** Lè paran an fin voye enskripsyon an ale, limenm oswa responsab ki sou lis la ap resevwa enfòmasyon pa imel si yo apwouve elèv la pou lokal la ak pwogram li chwazi a. Nan ka kote lokal ak pwogram elèv la chwazi a pa gen plas, nou ankouraje l pou li enskri pou yon lòt lokal/pwogram.

Opòtinite pou aprantisaj pandan ete

CUNY College Now

Pou semès ete 2022 a, CUNY College Now pral ofri yon melanj kou sou entènèt, ibrid ak anpèsòn pou elèv lekòl segondè leta vil Nouyòk k ap antre nan klas 11yèm oswa 12yèm ane an septanm 2024. Patisipasyon gratis. Pou plis enfòmasyon, ale sou k16.cuny.edu/collegenow/summer-programs.

Summer Design Institute

Elèv lekòl segondè k ap chèche yon eksperyans aprantisaj pratik (avèk opòtinite pou yo touche yon tikòb) ka aplike pou Summer Design Institute NYCPS nan youn nan lokal Edikasyon teknik ak karyè (CTE) nou yo. Pwogram sis semèn sa yo ofri elèv opòtinite pou yo travay sou pwojè ansanm avèk patnè endistri yo nan domèn tankou Syans enfòmasyon, Jeni, Art medya, Piblisite ak Design dijital, Design jwèt, ak Design Fashion. Elèv ki reyisi pwojè pwogram yo elijb pou yo peye yo. Ni elèv CTE ni elèv ki pa deja nan pwogram CTE ka aplike. Tanpri gade depliyon pwogram lan an angle ak tradiksyon pou plis enfòmasyon sou pwogram chak lekòl ak pwosesis aplikasyon an: bit.ly/4bX54NV

Konsèy pou kolèj ak karyè

Elèv lekòl segondè ka anrejistre tou pou konsèy pou kolèj ak karyè schools.nyc.gov/choosing-the-right-path pou yo resevwa mesaj chak semèn pou ede yo planifye ak pousuiv karyè yo. Tèks yo ka gen ladan yo lyen ki mennen nan opòtinite travay pou jèn, enfòmasyon sou bousdetid, aksè nan atelyetrayay, ak rapèl sou dat limit yo. Pou bay elèv plis sipò, konsèy pou kolèj ak karyè ka fè tou yo jwenn aksè nan reyinyon vityèl gratis, youn a youn avèk konseye ekspè apre lekòl ak nan wikenn. Elèv k ap gradye an 2024 ka itilize konsèy pou kolèj ak karyè pou konekte avèk College and Career Bridge Coach yo, yon etidyan kolèj aktyèl ki resevwa fòmasyon pou ede elèv ki fèk gradye yo navige tranzisyon ant lekòl segondè ak pwochen etap yo nan kolèj ak karyè yo. Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/choosing-the-right-path.

Lekti pandan ete

Lekti se tankou nenpòt konpetans: li mande pratik! Pandan ete a, fè lekti ansanm ka ede pitit ou a kontinye devlope ladrès alfabetizasyon li epi evite nenpòt pèt aprantisaj ki ta ka rive pandan tan li andeyò salklas la.

Gid lekti pandan ete nou an—ki disponib sou entènèt nan schools.nyc.gov/LiteracyResources—se yon gwo premye etap nan pwochen avanti lekti fanmi w ap fè. Li gen konsèy pou lekti pou fè lakay ou, tit yo rekòmande pou elèv nan tout nivo klas yo, resous kote ou ka jwenn liv, ak plis ankò. Anplis gid la, paj wèb Resous Alfabetizasyon nou an gen aktivite pou fè lakay ou ak lòt lis lekti yo rekòmande ki pral ede ankouraje yon lanmou pou lekti ak aprantisaj pou tout lavi.

Ete sa a, nou ankouraje w tou pou w itilize Bibliyotèk Dijital Vil la, **Sora**. Sora se fason ki pi rapid ak pi fasil pou elèv Vil Nouyòk jwenn aksè nan plizyè milye liv elektwonik ak liv odyo nan plizyè lang. Ou ka konekte nan Sora lè w sèvi avèk enfòmasyon lekòl leta Vil Nouyòk ou yo nan soraapp.com/library/nycschools.